Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
10 ноябрь
РУЗМАН

№ 47
(7482)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ

12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Агъвалиб мажлис тIобитIана



Республикаялъул муфтияталъ щибаб моцIрол тIоцебесеб шаматкъоялъ бакI-бакIазда тIоритIулел Дагъистаналъул гIалимзабигун диниял церехъаби гIахьаллъарал диниял тадбиразул цояб, 4 ноябралда Агъвали тIобитIараб мажлис гъаб нухалъ данде ккана -Халкъазул цолъиялъул къоялда.

гьеб къоялъ Агъвали аслияб мажгиталда жаниб Дагъистаналъул муфтиясул тIоцевесев заместитель ГIабдула ХIажимуллаевас, Дагъистаналъул МугIрузулаб территориалияб округалда



вугев Муфтияталъул вакил ХIасанхIажи МухIамадовас, Дагъистаналъул Югалъулаб территориалияб округалда вугев Муфтияталъул вакил МагьдихIажи ГIабидовас, муфтиясул заместитель МухIамад Мангуевас, Гьизилюрт районалъул Нечаевка росдал имам МухIаммадгIарипица, МахIачхъалаялъул Редукторный поселокалъул имам МухIаммадшамилица, «Ассалам» газеталъул бетIерав редакторасул заместитель МухIамад МукIущдибировас ва цогидазги.



Гьелда хурхараб ва, аслияб куцалда, заралиял пишабаздаса гIолохъаби цIуниялде, гьел как-диналде, диниял рикьалаби нилъер ракьалда риччачIого, цоцадехун имангун вацлъи-гьудуллъи щулалъизабиялде халкъ ахIарал кIалъаял гьаруна

Абизе ккола, республикаялъул районазулгун-шагьаразул имамзабигун гIалимзаби гIахьаллъараб мажлисалда данделъаразул рес букIанин жидерго суалалгун пикраби загьир гьаризе ва гьезие жавабал щвезе.

Тадбиралъул ахиралда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас ва Агъвали мажгиталъул имам СаидхIусенхIажи ПирмухIамадовас баркала загьир гьабуна гьалбаде-



рие гIахьаллъаразе пайдаяб ва районалъе кIвар бугеб мажлис тIобитIаралъухъ, божилъи загьир гьабуна республикаялъул Муфтияталъ хадубккунги гьединал тадбирал тIоритIизе рес ратилин.



**Шамил ХIажиев,** Агъвали мажгиталъул имамасул заместитель

## ГьоркьобкъотIичIого лъим букIина

Бицунеб рагIана цо хIажичияс хирияб Макка-хIарамалде щведал рекIелъ бахчизе кIолареб асаргун бицун бугила гIарабасда анкьабилеб нухалъги хIеж борхизе рес щванин, АлхIамдулиллагь, щибаб щукру-рецц дуе бугинха хирияв бетIергьан, Аллагьилан.

-Нужер Дагъистаналда закагIат кьезе кколел бесдалалгоийщ гьечIел, къачIазе, гIатIид гьаризе кколел иццал-нухалгоийщ гьечIел?-ан гьикъун бугила гIарабасги, тIадаб парз тIубани гIолеб иш бугин хIеж борхи, гьелда бащад гьабун бугин Аллагьас лъим бачигун нух къачIайги, тIадаб закагIатгиян.



Гьеб бицен ракIалде щвана гьал къояз Лъондоде щвараб мехалъ. Чан хIеж борхараб киридай БетIергьанас хьвараб ГIабдурахIман Камиловасе, агъвалисезе гьоркьосан къотIи гьечIого гьекъолеб лъим чIезаби мурадалда Лъондода рохьосан марщабиги лъун, лъим бачаралъухъ? Сордо-къоялда жаниб кIиго-лъабго сагIаталъ лъимги кьун, гьелдасанги цере ГIандигIурухьангун Гьадирисезул лъарахьан лъимги баччун рукIарабги букIана нилъерги умумузулги заман. Къойидасан къойиде бигьалъабиги рокьулел руго, щибаб минаялъул кIи-кIи лъаб-лъаб крантги буго. Гьеб квеш гьечIо. Квеш ккараб иш буго лъикIалде хехгоги ругьунлъун, дагьав баркала-кири ва гьабураб хIалтIулъ бугеб гIиси-бикьинаб гъая бичIчIуларелълъун рукIин. ГIемерисел данделъабазда борхула Агъвалиб гIураб къадаралда гьекъолеб лъим чIезабиялъул суал.

Гьебги хIисабалде босун, гьал къояз райадминистрациялъул ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ИсмагIил ИсмагIиловасул бетIерлъиялда гьоркь Лъондода росулъ лъел хIавуз бараб бакIалде щун рукIана Агъвали росдал бегавул ХIусен Билалов, райадминистрациялъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев ИсхIакъ Идрисов, «Газинжсети» ОООялъул прораб Ибрагьим МухIамадов. Гьез халгьабуна лъел хIавузалъул, гьениб лъим бацIцIад чIезабизе гьарурал санагIалъабазул (фильтр), лъел бугеб тIадецуялъул (давление, напор), насосазул ва цогидалги гIолелгIоларел рахъазул. ГIемераб хIалтIи гьабун буго гьениб, гьелъухъ баркала ГIабдурахIман Камиловасе ва гьениб хIалтIараб Ибрагьим МухIамадовасул хIалтIулаб къокъаялъе.

Лъел рахъалъ гьениб бугеб сурат бихьидал, дидаго бичIчIана, дир пикру битIараб-мекъаб батаниги, Лъондода рохьосан бачараб лъим агъвалисезени кисан, жалго лъандадерие гIоларин гьекъезе абун хасало цIер къараб ва риидал ракьдалаб мехаз. Гьединлъидал мехелаз гурони лъим бачIунеб гьечIин абун, ХIусен Билаловасда халкъалъул тункари битIараблъун бихьуларо.

ГIураб къадаралда лъим букIин мурадалда бан буго тIадеги хIавузги, гьарун руго цочIараб куцалда лъел давление букIине санагIалъабиги. Гьеб киналъулго халги гьабуна комиссиялъ, хIалги бихьана щибаб насосалъулгун прессалъул, кьуна предложениялтIадкъаялги цо-цо гIиси-бикьинал гъаяби ритIизаризе. Божи буго, халкъалъул гIарз гьечIедухъ, агъвалисезе лъим букIинин ва гьеб суалалде тIокIалъ тIадруссинарин.

**Хадижат Залимханова**

## Токалъул мухъ къачІалеб буго

Мажгиталъул къададасан бахъунги, гамачІ нухал къачІаялъе биччай абураб аби гІемер ракІалде щола районалъул росабалъе унел нухал рихьидал. Цоял вертолет рещтІинабизеги рес бугел гІадал, санагІатал, гІатІидал. Цогидал кІиго машина дандчІвани, церехун ине хІинкъарал. Ай, батІи-батІиял кьерал ва суртал руго районалъул нухазул. Нухал ккола халкъалъул социалиябгун экономикияб хІал лъикІлъизабиялде лъолеб тІоцебесеб гали. Гьеб лъидасанго лъикІ бичІчІулеб буго гІемер жидер хІакъалъулъ бицунел ЦІияб Сасикь росдал жамагІаталдаги.



Дагьаб цебеги хъван букІана «ЦІумадисезул гьаракьалда» нижер росдал къватІазда хьилтІеялъул хІалтІабазул.

Росдал нухазде кІвар кьей, рацІцІад чІезари бугин абизе бегьула цІиябсасикьдерил бегавул Насиб Юсуповасул ва жамагІаталъул приоритетниял масъалабазул цояб. ГьабсагІатги тІадбан унеб буго росулъ нухазда гьабулеб хІалтІи. Гьелдаго цадахъ къачІалел ва цІигьарулел руго коммуникациялъул мухъал. Росдал школалда ва лъималазул ахикь тІубан хисана токалъул кварал, гьезие квал-квал гьабулел басриял гъутІбузул карал хъухъан, кІурун, гІадлу гьабуна. 35-40 соналъ цереккунго рачарал руго токалъул гІемерисел мухъал, гьелги хисизе хІисабалде босун буго нижер росдал жамагІаталъ. Гьай-гьай гьел киналго хІалтІаби руго жамагІаталъул гІарцудалъун гьарулел. Гьеле доб жамагІаталъул газа кьурдаги рекІин. Кьураби лъарагІлъиялда гьечІо, амма гьабураб ва гьабулеб хІалтІи гІураб буго байданалда бугеб нижер росулъ. Ва росуцозул пикру цолъана токалъул мухъал хисиялъул хІалтІаби кколин росулъ гьоркьосанкъотІи гьечІеб ток букІинабиялда сверухъ гьабизесеб хІалтІул байбихьи-цебехъан.

**МухІамад МухІамадкамилов,** ЦІияб Сасикь росу

## ТІинди школалда умумузул данделъи

Дагьаб цебе ТІинди росдал школалда тІобитІана «Лъималазе тарбия кьеялъулъ улбузул кІвар» абураб темаялда тІасан умумузул данделъи. Данделъи рагьана ва къокъабго кІалъаялдалъун нухда бачана школалъул цІалул ва тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель МухІамад МуртазагІалиевас.

Гьес жиндирго кІалъаялда тІадчІей гьабуна улбузул лъималазе лъай ва тарбия кьеялда тІад гьабулеб хІалтІи къойидаса-къойиде чучлъулеб букІиналда, кигІан гІемераб хІалтІи учительзабаз лъималазулгун ва улбузулгун гьабулеб бугониги. Лъимал ЕГЭ, ОГЭ-язде хІадур гьарулел занятиязде рачІунел гьечІолъи, гьел хІадур гьариялда тІад школалъул дирекциялъ кигІан гІемераб хІалтІи гьабулеб бугониги.

Данделъияда лъикІал кІалъаял гьаруна росдал имам ХІусен Муртазаг1алихІажиевас, школалъул директор АхІмад Мусаевас ва цогидазги.

Росдал имамас тІадчІей гьабуна лъай ва тарбия гІадамазе чара гьечІого хІажатаб букІиналда, гІадамазда гьоркьоб кколеб ракІхвейги г1емерисеб гьелда бараб букІиналда, гІадамазе тарбия-лъай кьей диналда жанибги цІакъ кутакалда беццараб жо букІиналда. Гьединго гьес баян гьабуна къойидаса-къойиде улбузул лъималазе тарбия-лъай кьей чучлъулеб букІин. Гьелда бан районазул ва республикаялъул идарабазда хІалтІулел тІиндисезул къадар тІагІунеб букІиналда. Школалъул директор АхІмад Мусаевас тІадчІей гьабуна лъималазе тарбия - лъай кьей улбузул тІоцебесеб масъала букІиналда, такъсириял гІемерисел ишалги тарбия -лъай гьечІолъиялда бан кколел рукІиналда. Полициягун цадахъ школалъул дирекциялъ тарбия-лъай лъималазе кьеялда тІад букІине кколеб закуниияб хІалтІи гьабизе букІиналда. Хасго гьес тІадчІей гьабуна школалде лъимал камичІого рачІине ккеялда.

Эбел-инсуца школалъул дирекциягун цадахъ лъугьун лъималазе тарбия-лъай кьеялъул хІалтІи кьолболъанго хисизе ккеялъул бицана тарихалъул муг1алим МухІамад Гъазиевас, гІурус мацІалъул мугІалим Мухтар ГІабдурахІмановас. Гьелдаса хадуб классазул нухмалъулез умумузе баян гьабуна жидер лъималазул гІадлу-низамги, цІалулъ хадургъейги. Лъималазе лъикІаб тарбия-лъай кьезе ккеялда хурхарал кІалъаял гьаруна лъималазул умумул РайхІанат АхІмадовалъгун МухІамад ГІалимухІамадовас.

КІалъазе рахъарал цогидал улбузги лъимал цІалуде хадургъеялда тІад школалъул дирекциялъул хІалтІи рикІкІана лъикІаблъун, бажарараб кумек гьелъие жидецаги гьабилин рагІиги кьуна.

РагІини умумуз чанги нухалъ кьуна, амма тарбия-лъайкьеялъул хІалтІи данделъи лъугІарабго кІочене толеб буго. Божи буго гьаб нухалъгІаги умумуз кьураб рагІи кквелин.

**МухІамад МуртазагІалиев**,ТІинди школалъул завуч

## Хушет росдал жамагІаталъул баркала



Августалъул ахиралда райцентралдаса ункъоялда анцІго километралъ рикІкІада бугеб Хушетире рачІун рукІана райбольницалъул хІалтІухъаби, бетІералда Хейруланам Дибирасулаевгун, лъун хІамузда медицинаялъул аппаратталгун цогидалги хІажатал алатал.

Дида лъаралдаса нахъе Хушетире гьедин УЗИ-аппаратгун, цадахъросулел лабораториялгун ва хІажатал дарабигун тохтурзабазул къокъа щун букІинчІо.

Нух кьвагьун букІун (щвела, ин ша Аллагь, кватІичІого Хушетибеги нух), бухьен гьечІолъиялъ рес ккун букІинчІо, райгазета гьоркьобккун, Хейруланам МухІамадовичасул цІаралда тІолго тохтурзабазе баркала загьир гьабизе хушетдерие гьабураб медицинаялъулаб кумекхъулухъалъухъ.

Хасаб баркала Арсен МухІамадовичасе къогогІанасеб лъимералъе гьабураб хирургияб хъулухъалъухъ, терапевт Мадина МухІамадовалъе кІудиял чагІазе ригьзабахъе хьвадун, гьарурал дарабазухъ, ГІабдуразакъие-къачІарал цаби-гІусазухъ.

Сапаралъул ахиралда Хейруланам Дибирасулаевас рагІи кьуна гьединаб цо-цо сапар сонайил бухьизе Хушетибе ва Интернет-бухьеналдалъун росдал медпунктги хьезабизе.

**КватІун бугониги, Хушет росдал жамагІаталъул рахъалдасан тохтурзабазе баркала загьир гьабун, кагъат хъвана ТІайгиб ТІайгибовас.**

## Хуштадаса АсхІабовасде

Хушдада гьавурав, чаран гІадав вас,.
Чармил ракІ буго дур, рас хъах1лъаниги.
Дида мун тІоцеве лъана Агъвали
ТІиндиса Къуралъгун гугарулелъул.
Цеве вахъунелъул диван къотІулес,
Дагъистан босараб хъиргъу бугилан,
ГъалбацІ бугин гьаван лъай-хъвай гьабуна.
Судияс гьищт1ана, нуж дандречІчІана.
Къей-бергьенлъи ккезе биччачІо нужер,
Мунгун дандречІчІарав цоги вугилан
Нахъе къотІана гьев ургуялдаса.
Хадуб нилъ дандчІвана Чонтаулалда,
Учительзабилъун хІалтІулеб мехалъ.
ХІалтІулъ лебалав мун ракІалъ восана,
РакІ-ракІалъул нилъер гьудуллъи ккана.
Квана-гьекъей нилъер цадахъ букІана,
Цо-цо «чанареги» цадахъ унаан.
Цоцазе кІиязго гьабичІо зарал,
Заралгун рагъизе ккечІо кидаго.
Хушдада росулъа ГІайишатги хун,
Зигара базеян къватІив вахъиндал,
ТІулбикьарав вац мун ракІалдеги щун,
Пикрабаз вачана, АсхІабов духъе.
Дир гьудул, МухІамад, хІал чІахъаяв дур.
Дие бокьун буго сайгъат гьабизе.
Къаси г1одовук1ун хъахІаб кагътида
Дир кверaз росарал гьал кочІол мухъал.
Дур гІакъилаб бетІер, битІараб калам,
Сабру бугеб гьумер, гьайбатаб лага,
Берцинаб сипатгун, спорталъухъ рокьи
Дулъ бихьараб мехалъ ч1ух1и бижана.
АсхІабов, дир гьудул, ракІалде щвана
КІиявго нилъ харда хІалтІулеб заман.
ХІалтІи лъикІаб бихьун, МухІидиница
Хъвезе гІиялъажо нилъее кьураб.
Гьан гьелъул бикьараб гІурухъги бачун,
Маххул метра босун бакьал рикьараб,
Ургьи-мес бикьараб къатІра течІого,
Темукие бутІа кьечІого тараб.
Къвалакь бетІер-къехь ккун, рокъов
мун араб.
БитІараб бицани, лъалеб букІинчІо
ГІиялъажоялъул бакьазул роцен
АнцІила цо метра халалъи букІин.
Кинавго чиясе щолеб хІалада
Гьан дуца бикьидал бичІчІана дида.
ВацІцІадав мун вукІин, хъубав гьечІолъи.
ЧІухІи дур гьечІолъи, хІалимлъи гуро.
Кинабго рахъалъан пикру гьабидал,
ГІайибал чІвазе бакІ батичІо дида.
Кинабго лага дур узданаб буго.
ГІадан барахщулел кверал дур руго,
Мун къаникь аниги цадахъ кьоларел,
Долларал кьуниги, кьезе кІолареб.
БотІролъ гІакълу буго, къо бухІаясул.
Цо батІияб гІамал кьун буго дуе
ГъотІода тІад бугеб тІолабго нигІмат
Лъималаз кваналин квераз рикІкІунеб
РакІалде бачІана, гьудул МухІамад,
Директорлъун дунго хІалтІулеб заман.
Васасе школалда хІалтІи кьунани
Кьарияб цІел бурутІ, цІокогун цадахъ
Ришваталъе кьезе къотІи гьабураб
Къоял ун, сонал ун, ана замана
Законалъ гьукъараб ришваталъул цІе,
ЦІеда гьан рехизе дие щвечІого.
Ккана дуй, МухІамад, хІалал гьабизе.
Пикрабаз берaзда цебе тІамуна
Пасатго къабихІго нилъ хьвадараб гІуж,
Рокъор духъги рачІун квана-гьекъолеб
КІкІуйдул цІун букІана гьитІинабго рукъ.
Рокъоса букІана квешаб гІаркъил махІ.
МухІамад даргияв бажагун цадахъ
Рагьдаса жаниве вачІараб сагІат.
Квешал чагІи нилъгун, калам дагь гьабун
Рокъоса къватІиве устар араб къо.
Къаникь дун аниги кІочене гьечІо
КІудиясул дица адаб тараб мех.
Лъаларо, дир гьудул, щиб ккараб нилъей
Лъабасго нилъеца гьекъелги рехун
Диналде руссана, тавбуги гьабун.
Гьез гьабураб дугІа къабулдай ккана.
Киназго тІубана хІежалъул рукну.
Босун тІарикъатгун Аллагь рехсезе
Лъугьана кІигояв, лъудбигун цадахъ.
ЦохІо мун хутІана мегежги биччан
БоцІул тІалабалда, тІагьаги кІочон.
Чапар гІадин, мугъзалъ хулжалги рехун
Дагъистан сверулев сабруги тІагІун.
ГІумрудул хутІараб заман гьечІелъул
ГІибадатги гьабун, гІодовусса мун.
ГІураб заман анин кучІдул ахІулеб
Кинав вукІаниги хъулухъчиясе
Инхоса вачІарав кочІол устарас
Кумек, гьудул, дуе гьабизе гьечІо.
Гьесда аскІов хабалъ мун лъунаниги,
Къуръан цІаличІони, кеп букІунаро.
Киналго рачІого хутІарал какал
Камизе течІого дуца рачІони,
Алжанги щвечІого гьоркьов хутІила.
Рамазан моцІалъул кквечІого тарал
КІалал рецІичІони, кІалахъ хутІила.

**Муса МухІамадов**, Чонтаул росу

# Динияб гьумер

## ТЕЛЕФОН

Къиямасаб къо чIей гIагарлъиялъул
ГIаламатал руго гьарзалъун гьанже.
Гьезул цояздаса телефон буго
Киназулго кодоб жиб камулареб.

Гьелъул бугеб лъикIлъи, гьелъул квегIенлъи,
Гьелъул бугеб лазат бицун пайда щиб?!
Бищун рикIкIад вугев ракI щварав чигун,
КIалъазе рес щола цIарал минутаз.

Радал тIаде рахъун, къо бакъинегIан,
ГIетI бан, эбел- эмен хIалтIулеб мехалъ.
ГIолохъанал васал, гIолилал ясал
ГIодор чIун рукIуна телефоназда.

Цоцахъ гIищкъу цIикIкIун, цIа рекIаниги,
РакIалъ бицунаан абичIониги.
Балай чорхолъ гьечIел гIолохъабазул
Ватсапаз тIурала рокьул суалал.

ГIищкъу-балаялъул тIагIам лъачIезул
Ригьнал талихI кинаб букIине кколеб?
Кодоб телефон ккун, ругьунай лъади,
Росасе аниги, чIезе кIоларо.

Бальго къурула гьалъ вукIарасухье.
ВукIарас букIараб бицуна къватIахъ.
КъватIул гьибат-бугьтан щола росасде.
Росас цIарги тIамун йитIула къватIий.

Мажгитазда жаниб рузман балаго,
Звар-звари бахъула бакI-бакIаздасан
Как балевщинасул мунагь баччизе
Босулеб щай гьеб тел Бичасул рокъоб?

ЧуричIого цIарагI, лъухьичIого рукъ,
КъалъизегIан цIетIа жеги лъечIеб хьаг.
Свакан хIалтIудаса эбел щвезегIан,
ГIинда телефон чIван гIадаллъарай яс.

Эбел - инсуй лъимал рокьулеб лъала
Рекъолареб гIамал щай гьукъулареб?
Щай лъалеб букIадго бегьулареблъи
Босун лъималазе телефон кьолеб?

Нужей талихI кьеял, умумул, вацал!
Щай нужерго лъимал цIадар рехулел?
Щай хасго руччаби, гIолилал ясал
Къосунеб нухдасан хьвадизе толел?!

Аллагь, кантIизабе гIун бачIунеб гIел,
Телефоназ гуккун, гIадада холеб!
Чара ккун гурони, хIалтIизабизе,
Бегьуларин тIинкIе, рекIеде иман!

**МухIамад ГIалиев,** Первомайское росу

## Жакъасеб хIакъикъат

Мажгиталъуб сагIат бихьулеб гьечIо
Сенсор буго жакъа гьелъул бакIалда.
ВагIза гьабулезухъ гIенеккичIого,
Интернеталдасан гIелму цIехола.

ТасбихI рагIуларо рельанхьи гуреб
ДугIа гьабуларо дагIба гурони.
Хабалахъ чи хведал вукъизе гуреб
Къулгъу- алхIамалъе нух къосун буго

* * *

ЦохIо гIумру буго Аллагьас къураб
ГIумру бокьуларев инсан вижичIин.
Хвалил пикру гьабе, мунги хвезесев
Хабалъ бачунелъул хIисабги гьабун.

* * *

Дунялалда лахIзат босарал къоял
Цоцада тIад жубай чан бугеб лъазе
Квешлъи-лъикIлъиялъул кIиго мухъ гьабе
Дур унеб нух лъазе ахираталда

* * *

Огь замана, замана тIокIалъ нахъ буссунареб,
Херазул, пакъиразул адабго цIунулареб.
БачIун буго замана гьаб гIолохъанлъиялъе
Улбузе буюрухъ кьун, гарбида горал къалеб.

**ИманмухIамад ГIалиев,** Первомайское росу

## Къиямасеб къоялде цересел сипатал



Хирияв дир диналъул вац,
Данде витIун гIодов вукIа.
Ва гIенекке пикру гьабун,
РакI разилъун гIодов виччан.

Дица дуе рицун тела,
Къиямасеб къо щвелалде,
Цере ругел сифатазул,
Лъан рукIине киназдаго.

Нилъеца гьел рикьилин,
Лъабго батIаб бутIабазде.
ТIоцересел церего жал
Гьоркьоб заман ун лъугьарал:

Аварагасул (гI.с.в.) васият;
Байтул мукъадас бахъана;
Би тIун, ГIусман чIван рехана.
Хавариджаз рагъ гьабуна.

АсхIабзабазда гьоркьорцин,
Рорхана къалул байрахъал.
Бусурманал гIарабиял,
ГIемер бечелъун лъугьана.

Лъалес вагIза гьабулелъул,
Дагълъана гьеб гIенеккулел.
Ракь багьари, балагьал щвей.
Щибаб нухалъ цIикIкIун ккана.

Гьел гурелги цогидалги,
ГIемер руго гьел сифатал.
КIиабилеб бутIаялда.
Рицун телин лъан рукIине.

МухIаммад аварагасул (гI.с.в.)
Абиязул, гьес рицарал,
Нилъехъ щварал сифатазул.
Жакъа къоялъ лъугьаралги,

Лъугьун цере ругезулги:
Вакъфу гьабунщинаб жо,
Жидер гIадин хIалтIизаби.
Закат бахьи кутакалда,
БакIаб гьирлъун лъугьун букIин.

Лъади йокьи, улбул рихи,
Харабазул адаб рехи.
Росас лъадул буйрухъ тIубай,
ТIадаб жолъун лъугьун букIин.

БетIер хIалтIулел гIадамал,
ГIабдалзабилъун гьарула.
Гьагав чияс бечедасе,
БетIер къулун, наку чIвала.

Гьал жал руго исламалда,
Дандего кколарездаса.
Эбелалъ малъарабщинаб,
Щибго гIадахъ босуларо.

Жиндир эмен чидар чилъун,
ГIадамазде цеве вихьи.
КъватIул гьалмагъ адаб гьабун,
АскIов вачун кваназави.

Исламалъул гIелму цIали,
ЦIикIкIун бечелъи сабаблъун.
Аллагьасе гIоло гуреб,
ГIадамазе гIоло цIали.

ГIакълу гьечIел чIухIухъаби
Хъулухъазда гIемерал тей.
ГIадан хIакъир гьавулев хан.
Ворхизави хIурмат гьабун.

Гьекъолеб жо жана-гIаракъ,
ГIадатаблъун гьекъей лъугьи.
КучIдул ахIи, бакънал рачин,
Рачулеб гьел алат гьаби,
Гьанже цIакъго бильлъанхьараб,
Балагьазде сверун буго.

Гьекъон, кванан, кепал гьарун,
Ясал къурдулел гIемерлъи.
Нич, намус, яхI тун хьвадулел.
Халкъул гIаламал цIикIкIина.

ЦIаруй Аллагь рехсолезул,
Рахасалги халалъила.
Хасго зина гьабулезул.
Гьалмагъзаби гIемерлъила.

ГIасилъигун зина гьаби,
Гьаб ракьалда тIибитIила.
ТIад вачIарав гьоболасе,
ХъахIба ясал рищун кьела.

Рибаъ гьабун бечелъулел,
Ракьалда тIад цIикIкIун ккела.
Ришват боси ва гьеб кьейги,
Сайигьатазде сверила.

Салам цоцазе кьолезул,
Къадар цIакъго дагьлъун ккела.
Кутакалда жал рорхатал,
Минаби рай гIемерлъила.

Дунялалъул ахIвал-хIалал,
Мажгитазда жанир рици,
Хиралъи цIуничIого тун,
Борхун гьаракь биччан кIалъай,
КIвар гьечIого мажгитазул.
Адаб хIурмат гьабунгутIи.

Даран гьаби бича-хиси,
Халкъалда гьоркьоб цIикIкIина,
ЦIуял жалазул къадарги,
ЦIакъго цIикIкIун ккела гьениб.

РакIалда гьечIел чIвай-хвелал,
ГIемерлъила гIаламалъулъ.
ГIанчIал ясазул ретIелалъ,
ГIицIаб лага цебе лъела,
Яги тIадкъараб ратIлица,
Жиб-жиб логол сурат лъела.

Цоцазда гьоркьоб рокьукълъи,
БожунгутIи ва щакдари,
Щибаб къойил гIадамазда,
Гьоркьоб хасаблъун лъугьила.

Лъимал къватIулъ гьарурахул,
РикIкIен хасго гIемерлъила.
ГIадамал раккизе руго,
Рахъулел хIадисал ургъун,
Аварагасдасанилан, (гI.с.в.).
Гьереси бицун хьвадулел.

АсхIабзабаздаса мисал,
Босун хьвадулел дагьлъила.
Авараг (гI.с.в.) вокьулезулги,
Кьерал цIакъго лъедерлъила.

Дунялалда руччабиги,
Бихьиназдаса цIикIкIина.
ЦIакъго цIикIкIун месед батун,
Ефрат гIорул гIадлу хвела,
Хасго месед бокьулезда,
Гьоркьор рагьал гIемерлъила.

ГIарабиязул чIинкIиллъи,
ГIораз, ахаз гIурччинлъила,
ГIадамазул кверaз рарал,
Чвах-чвахила цIиял гIорал.

ГIарабазул хиджазалъул,
ЦIа ракьазде рикIкIад щвела,
Дида ккола гьеб бугин нарт,
Киса-кибего чвахулеб.

Чара хварал хиянатал,
Халкъул гIалам гIасилъулел,
ГIарац кьун, ричун росулел.
Ясаз дуниялги цIела.

ЦIакъ дагьлъила магьари лъей.
ХIажат гьечIеб жойилан тун.
Гьал руго дидаго лъалел,
Аварагасул (гI.с.в.) сифатал,
Цоги лъалев ватанани,
ТIаде жубай цIакъ бокьила.

Лъабабилеб бутIаялда.
Рицун тела гьал сифатал.
Къуръан хIадисалъ рицарал,
Бальголъи нилъей рагьарал,

Нилъехъ гьел рачIине руго,
Заман нилъеда лъачIого,
Лъалев ТIадегIанав Аллагь,
Гьесда лъала лъугьунеб жо:
Магьди вачIин, Дажал вахьин
Хьван бугеб гьеб гьал тIахьазда.

Аллагьасул амру букIун,
ГIиса Авараг рещтIина.
РикIкIен цIикIкIун яжуж-
маъжуж,
Гьаб ракьалда тIибитIила.

Бакъбаккуда, бакътIерхьуда,
Ракьал рихь-рихьун лъугьина.
Лъималъ гIадин, кIкIуйги бачIун,
ГIараб чIинкIиллъиги цIела.

ЦIадул карачелалъ гIадин,
Бакъ тIерхьудасанги баккун,
Бакъул чIоразул канлъиялъ,
Кинабго ракь гвангъун ккела.

Кутакалда жиб кIудияб,
Дабатуль-арзан абулеб,
Аллагьас жибги бижараб,
ХIайван ракьулъа баккила.

БетIер гьелъул лъабго къоялъ.
КъватIиб бачIина ракьулъа.
Йеминалъул ракьалда тIад,
ЦIадул карачел чвахила,
Гьеб ракь буго киналго нилъ,
Аллагьасул амру бачIун,
Рахъун чIезе гьарулеб ракь.

Гьалеха дир, диналъул вац,
Дургун ккараб гара-чIвари,
ЧIалгIун дун лъугьун ватани,
ТIаса лъугьа, гьарула цIакъ.

Аллагьасдеги гьарула,
Ккарал гьалатIаздаса дир,
ТIаса лъуги тIалаб гьабун,
Гьел ритIизе гьарейилан,

АхIи бала РахIманасде,
ХIалкIолъи бугев БетIергьан,
Берал къанщулеб сагIаталъ,
Мун ракIалде щвезе гьаве,
Мункар-Накир аскIов щведал,
Жавабалъе тавпикъги кье.

Пакъирав лагъасул Дурго,
АхIиялъе жавабги кье.
Аварагъун (гI.с.в.) асхIабзаби,
Имамзаби, шугьадаал,

Шайихзаби, анбияал,
Нижей шафагIат гьаризе,
Нижер хьолбохъ рахъун чIезе.
Гьарула риччан те, Аллагь.

Лаилагьа иллаллагьан
АхIулеб кIал-мацIги букIун,
Ахирияб дир гьаб хIухьел.
Бахъе, хирияв дир Аллагь.

**МухIаммад Загьидов,**
Хуштада росу.

«Редакция газеты «ЦІумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетІерав редактор Малачдибиров ГІубайдула СагІадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухІамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦІумада район, Агъвали росу.

«ЦІУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гІуцІараб: «ЦІумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бицана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватІибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахІачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагІалие - 51377 лъагІалие - 63302 Тираж -2310 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватІибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХІакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниyб адрес: Golostsumady@mail.ru

**Безопасность**

## Беспечность граждан-причина пожаров

Основными причинами возникновения пожаров в жилом секторе являются неосторожное обращение и детская шалость с огнем, неисправность электрооборудования и электроприборов, неисправность печей и дымоходов.

Несоблюдение правил пользования жилыми помещениями и невыполнение правил пожарной безопасности приводит к многочисленным пожарам и человеческим жертвам. Несоблюдение правил пожарной безопасности в быту, бездумное обращение с огнем при курении, особенно в алкогольном опьянении, сжигание мусора вблизи строений, разожженные костры, искры от которых разлетаются в разные стороны, загроможденные домашним хламом балконы и лоджии, лестничные клетки и запасные выходы - все это неосторожность, переходящая в небрежность и приводящая, как правило, к очередной трагедии.

Исходя из вышесказанного, напоминаем квартиросъемщикам, владельцам частных домов и дачных участков о соблюдении и выполнении правил пожарной безопасности и действиях, необходимых предпринять для исключения опасности возникновения пожара.

В случае пожара или появления дыма следует немедленно сообщить в пожарную охрану по телефону Билайн, Мегафон, МТС-**112**; **55-17-81**; **2-52-66**; **8 909 483-53-78**, указав точный адрес.

Берегите себя.

**Магомед Магомедов,** заместитель начальника ПЧ-33

**Налоговая служба**

**Физические лица могут направить уведомление об объекте недвижимости, на который предоставляется налоговая льгота.**

Если у налогоплательщика-физического лица, имеющего право на налоговую льготу, находится в собственности несколько объектов недвижимости одного вида (два жилых дома; квартира и комната; гараж и три машино-места и т.п.), то для освобождения от уплаты налога на имущество, он может подать Уведомление о выбранных объектах, по которым предоставляется льгота.

Уведомление согласно п. 7 ст. 407 Налогового кодекса РФ, можно подать в любой налоговый орган или направить через «Личный кабинет налогоплательщика» до 1 ноября года, являющегося налоговым периодом, за который применяется налоговая льгота.

Форма Уведомления размещена на сайте ФНС России (утверждена приказом ФНС России от 13.07.2015 г. № ММВ-7-11/280).

Если налогоплательщик не подаст Уведомление, то налоговая льгота будет предоставлена ему по одному объекту налогообложения каждого вида с максимальной суммой налога.

Например, если пенсионер в 2017 году стал собственником двух квартир и до 1 ноября не направил уведомление, то при расчете налога за 2017 год налоговый орган предоставит льготу на квартиру с наибольшей суммой налога, а за другую - необходимо будет заплатить налог.

Дополнительные налоговые льготы, в том числе освобождающие от уплаты налога собственников недвижимости независимо от количества объектов, могут устанавливаться нормативными актами представительных органов муниципальных образований (законами городов Москвы, Санкт-Петербурга и Севастополя)..

С перечнем налоговых льгот, действующих в муниципальных образованиях, можно ознакомиться с помощью сервиса «Справочная информация о ставках и льготах по имущественным налогам».

**Магомеднаби Набиев**, начальник МРИ ФНС России №12 по РД

**Объявление**

Администрация сельского поселения «Сельсовет Гигатлинский» объявляет о сдаче в аренду двух земельных участко площадью по 1,5 га в местности «Реgьасу».

Желающие могут обратиться в администрацию села в течение месяца со дня опубликования данного объявления в районной газете.

**Спорт**

## Бергьенлъи-кІочІалисезухъ

Ахирал соназ районалда тІобитІулеб букІинчІо гІадатлъун букІараб футбол хІаялъул рахъалъ районалъул чемпионат. Гьал къояз Агъвалиб тІобитІана Халкъазул цолъиялъул къоялда хурхизабураб футбол хІаялъул рахъалъ районалъул чемпионат. РакІалда буго гьеб турниралда гІахьаллъулел рукІараблъи лъебергоялдасанги цІикІкІун команда, хІатта, гІатІиракьалда ругел нилъер районцоязул командабигицин.



Исана турниралда гІахьаллъана анцІила кІиго команда. БитІараб бицани, гьедин дагьал командабигун турнир тІами дида ракІалда гьечІо, щай гурелъул цІумадисел кидаго рукІана спорт бокьулелльун ва гІахьаллъи гьабулаан районалда тІобитІулеб щибаб турниралда. Командаби дагь рукІиналъе буго гІиллаги, мадугьалихъ ва магІарухъ ругел районазда гьоркьоб цого-цо нилъер буго газонги нилъун футбол хІазе ярагъунеб байдан гьечІеб район. Нилъедасанги тІадехун бугеб ЦІунтІа районалда буго берцинго къачІараб чаналиго байдан. Нилъ щай гьеб рахъалъ киназдасанго нахъе ккун ругел бичІчІулеб гьечІо.



БицинчІониги, киназдаго лъалеб батила, кинаб байданалда нилъер гІолохъабаз футбол хІалебали, гвендазул цІураб, гІодор ккани, черхалда ругьун лъечІого тІаде чи вахъунареб.

Турниралда гІахьаллъи гьабуна анцІила кІиго командаялъ: ТІадгьаквари, ЦІиябсасикь, ЦІиябхуштада, ТІинди, КІочІали, Агъвали, КІолихъ, РичІагьанихъ, Гьадири, ТІисси-ахикь, Эчеда, Хъвайни.

КІиго къоялъ халатрахъарал хІалуцарал къецазул хІасилалдалъун тІоцебесеб бакІ щвана КІочІали росдал командаялъе, кІиабилеб -Агъвалисезул командаялъе ва лъабабилеб бакІалъе мустахІикълъана ТІадгьакваризел.

Бергьаразе ва призеразе кьуна рекъонкколел даражабазул Кубокал, дипломал, грамотаби ва гІарцулал сайгъатал.

«КІочІали» командаялъ кІудияб баркала загьир гьабулеб буго росдал бетІер МухІамад ГІалиевасе, ШагІбан Мусаевасе ва «Ахбазан» КФХялъул председатель Гъазидибир Мусаевасе гьабураб спонсорлъиялъухъ.

Баркула бергьаразда ва призеразда бергьенлъаби. Гьарула щулияб сахлъи, талихІгун икъбал, хадусел х1аял ц1ияб байданалда т1орит1и.

**МухІамад Къасумилав**

Районалъул «ЦІумадисезул гьаракь» газеталъул хІалтІухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Хадижат ХІамзатовада гьелъул яцгІал

**Загьра**

гІолохъанго Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас хваралъул рухІ иманалда бахьун батаги, гІагарлъиялъе сабру ва сахаб гІумру кьеги.

**Дунялалъухъ дин бичун, дармие къезе чІоге,**
**Къуръан гІемераб цІале, хабалъ нурлъун букІине.**

**Гьигьалъа ХІусейнияв МухІамад**